ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОK!

№156 (22.564) ● 2013 гъэм шыщхьэIум (августым) и 14, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail1.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Iэтащхьэ

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Зэхыхьэшхуэ егъэкIуэкIыным срителъхьэщ

Шыщхьэ1ум и 13-м сыхьэт 18-рэ дакъикъ 30-м «Урысей I» («Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпание) къитащ Кавказ Ищхьэрэм и щIалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2013» зэхуэсыщхьэм и пэ къыхуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен драгъэкIуэкIа псальэмакъыр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ Щ1алэгъуалэ советым хэт Кэнэ Ратмир зыщIэупщIам и жэуапу КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ щIалэгъуалэ проект зэмылIужьыгъуэхэр къыщыхалъхьэ хъуну утыкуу зэрыщытым къыхэкIыу, а зэхыхьэшхуэр егъэкIуэкIыным зэрителъхьэр. Абы кIрикIуэхэм ящхьтIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и властхэм къыхатхыкIынущ нэхъ зэфIэкIыщхьэ зыбгъэдэлъ, нэхъыбэкIэ зэрыщыгъуэ хъуну щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, нужькIэ ахэр къэрал властым и органхэм я лэжьыгъэм къыхашэн папщIэ. Апхуэдэу гулыитэ хуащIынущ щIалэгъуалэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр наIуэ къэщIыным, ар республикэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ кьагъэсэбэпыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анI.

● Дыгъуасэ

Жэуаплыныгъэр ягъэткIий

КъБР-м и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Правительствэм Бюджет Iэнатlэхэм я хэхъуэхэр зэгъэуIуныр къыщIэнэщхьныгъэ финанс, бюджет, налог дисциплинэр зэрагъэзащIэмрэ кIэлъыплъныкIэ и комиссэм и зэIущIэ зыубгъуа.

АБЫ И ПЭУБЛIэ псальэм къыхигъэщащ республикэ бюджетымрэ муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я щIыпIэ бюджетхэмрэ мы гъэм щыгъэбелджылаэр гъэзэщIа зэрымыхъур, щытыкIэм зегъэхъуэныным къаруушхуэ ирахьлIэн зэрыхуеиф.

Къыхалъхьа Iуэхур - налогрэ нэгъуэщIу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхахым хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ мазих кIуам зэфIагъэкIахэмрэ дяпэкIэ къапэщыт кьалэнхэмрэ - зэпкърахыу зэIущIэм къыщыпсэлъащ финансхэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэазащIэ **Мишкова Иринэрэ** республикэм и налог Iэнатlэм и Iэтащхьэм и пащэрылъхэр ешыхьэкI **Сарбашевэ Светланэрэ.**

Сарбашевэ Светланэ къыззригъэлъэгъуамкIэ, накьыгъэ кIуам и кIэм республикэм и кредитор щIыхуэр сом мелард 30,3-м, дебитор щIыхуэр сом мелард 18,8-м нэсащ. Абыхэм ящыщу, зыгъэзекIэлъыкIуэм хуэдэу, сом меларди 5,6-р, меларди 3,4-р щатыжьын хуей пIалъэм фIэкIащ. Щ1ыщылъэ - накьыгъэ маззэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ахъшэкIэ хэхъуэу къащIэIэрыхьар Урысейми, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэми щыщыIам нэхъри мащIэщ.

Зэхыхьэм хэтащ министрхэр, кьалэ, район администрацIэхэм, къэрал комитетхэм, къаурзэхьэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, ирагъэблагъэ къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКIЫБАРЭ Алик.

● Абхъаз - КъБР

КъБР-м щыщу Абхъазым щыIэуа ди щIалэхэр дыгъуасэ гъэзэгу теуващ, а Iыналъэм зауэ хэзыгъэхьэрэ щыIэхьэрэ зыгъэзэрыгъэхьэрэ Хэкур зыхъумэным и пэ къуэрыкъуэм теуха дауэдапщэхэмрэ Хэкур зыхъумэным я махуэр щагъэлъапIэмрэ хэтыну. Ахэр иригъэблагъэщ Абхъазым и президент Анкваб Александр. Щ1ыу 20 хъууэ ежьа гупым я пашэщ АР-м зыхъумэжьыгъэмкIэ и министру щита, генерал-лейтенант Соснаты СулътIан и щхьэгъусэ Любэ.

- ЩЫЩХЬЭУIУМ и 14-мрэ 15-мрэ Iуэхугъуитl екIуэкIынущ, - жиIащ Абхъазым щыIэу щIалэхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Яхэгуауэ Къазбэч. - Куржы-Абхъаз зауэм щыщIидза щыщхьэуIум и 14-м удэ гъэгъахэр фэеплъ сынхэм тралъхьэнущ. Абы екIуэлIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм дари дыхэтынущ. КъыкIэлъыкIуэ махуэр Хэкур зыхъумахэм я махуэу ягъэуващи, абыи гъэ кьэси хуэдэу дразблэгъащ. ЩыщхьэуIум и 15-м - Абхъазхэм я телъхьэу зэуахэм я махуэм - къызэIуахынущ я къуэш хэкIуэдахэм я фэеплъ сын.

2013 гъэр абхъазхэми абыхэм ядэIэпыкIуэхэми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ илъэсщ. Мы гъэм фокIадэм и 30-м ди къуэпсэм ягъэлъэпIэнущ текIуэныгъэ кьэзэрахьрэ илъэс 20 зэрыригъэкъур. Абыи кIуэну загъэхьэзэр ди щIалэхэми зауэм хэкIуэдахэм я адэ-анэхэми. Сыхъум щекIуэкIыну гуфIэгъуэ зэIущIэхэм я пэ къихуэу Налшыки щагъэлъэпIэнущ Апсным и текIуэныгъэр. КъБР-м къыщызэIуахынущ Абхъазым хуэгъэпса музей щхьэхуэ, апхуэдэуи «XX лIэщIыгъуэм и лIыхъужьхэр» фильмыр ягъэлъагъуэнущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЛIыхъужьхэр гъуэгу тохьэ

Дунейм щыхъыбаржэр

Сыхьэтитху иримыкъум

Москвэрэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэну, «ПIащхъуэ» зыфIаща мафIэгум щыхуэхэр кьришIкIынущ фокIадэм щыщIэдзауэ.

А кьалитIым яку дэлъ километр 687-р мафIэгум сыхьэтитху иримыкъум эпичыфынущ. ЩIалагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, мафIэгум зы сыхьэтым километри 160-р икIуфынущ, щIыIэу градус 40 щыщIэри, гъэмахуэм и апхуэдизу дыдэ хуабагъри «къехьэлъэкIынукъым».

Сочэ щекIуэкIынущ Олимпиадэм къекIуэлIэнухэр абыхэмкIэ кьрашэкIын мурадкIэ, вагон тIощIу зэпыт апхуэдэ мафIэгу 54-р кьищэхуным теуха зэгурыIуэныгъэ УФ-м нэхъ пасэу ирищIалIаУ щыта: «ПIащхъуэр» къыщIэзыгъэкI Siemens нэмыщI Iуэхущ1апIэшхэм. Япэ мафIэгу 38-р Германием щащIащ, адрейхэр УФ-м щызэпкъралъхьэнущ.

Нэхъ нужьыIуэкIэ «Урысей гъэущ гъэзугъэр» компаниер нэмыщIэхэм ягурыIуащ ди кьэралым апхуэдэ транспорт псынщIэрызэкIуэу минрэ щитIрэ кьыщыщIагъэкIынымэ теухуауэ.

Налогышхуэхэр ятохьэлъэ

Щ1ыхуэхэм я хэхъуэхэм тралъхьэ налогхэр кудыIуэу кьалытэурэ зи хэкуэр зыбгынэхэр мащIэкъым. Псальэм щапщIэ, США-м куэдкIэ нэхъыбэ щыхъуащ апхуэдэ Iэмалым хуекIуэхэр.

Мы илъэсым и мэлыжьыхь - мэкъуаурэ мазэхэм кьриубыдэу америкэ паспортхэр ятыжащ щ1ыхуэ 1.130-м. Нэгъабэрей бжыгъэхэм епльытмэ, ауэ хуэдизкIэ нэхьыбэщ.

Америкэ паспортыр къызыхуэбгъэнэжу, ауэ нэгъуэщI къэрал уIэпхъуэу ущыпсэуну мурад щIыкIэ зэфIэкIыркъым Iуэхур. Экономикэ зэдэлэжьныгъэмрэ зыужьныгъэмкIэ зэгухьэныгъэм хьхьэ къэралхэм ящыщу Америкэм и закъуэщ, и щ1ыхур дэнэ щ1ыпIэ щ1ымыпсэуми, и хэхъуэм налог тезыльхьэр. Налог умыту укьащIэмэ, уи счетым илъым и зэхуэдитIыр аубыдыну хуит зыщI хабзэхэр щолажьэ а къэралым. Абыхэм зыри пхуещIэнукъым.

Аращи, къэралым зэрикIым и мызакъуэу, абы и щ1ыхуу зэрыщымытыжьым и щ1ыхьэту я америкэ паспортхэри ятыжьын хуей мэхъу налогышхуэхэр зытехьэлъэхэм.

НОБЭ

◆Абхъаз Республикэм щагъэлъапIэ Хэкур зыхъумэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэр. Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм 1993 гъэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.

◆Париж и унафэщI Лепин Луи 1893 гъэм унафэ кьыдигъэкIащ «Мотор зыдэт транспорт зэрагъэкIуэну хуит зыщI дэфтэрхэр тыным и IуэхукI» - ахэращ иджыредраваxэр къызытращIыкIыжар.

◆ Великобританием щыщ Фолкстон кьалэм 1908 гъэм щыз1эхэтащ пщащэ нэхъ дахэр кьыхъэныным теухуа яп1э дунейпсо зэпеуэр.

◆1930 гъэм СССР-м кьыщащтащ пэщIэдзэ щIыныгъэ дэтхэнэ и щ1ыхуми Iэмал имыIэу иIэн зэрыхуейм теухуа унафэ.

◆ ФутболымкIэ дунейпсо чемпионатым, 2014 гъэм Бразилием щекIуэкIынум, хэтынухэр кьыщыхах зэIущIэм щызэхуэзэнэуш Ирландие Ищхьэрэмрэ Урысеймрэ я командэ кьыхэхахэр.

◆Щэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Дыгъужь Къурмэн** кьызэралъхьэ илъэс 72-рэ ирокъу.

◆Тырку Республикэм щылажьэ «Каффед» зэгухьэныгъэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Джандемир (Гугъэв) Джихьан** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

◆ТхакIуэ, журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

◆КъБР-м щ1ыхь зиIэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннетэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щ1ыщытынущ, уэщх къыщешхынкIэ хьуну. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щ1ыхъунущ.

Зыхъхьэзыгъэр **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэтэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зылъэгъуа щ1ыIэмэ, зэхэзыха умылъыхьуэ.

Iуалъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщытеуаз эмэ, сыт хуэдэ эмаными фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Iуалъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщытеуаз эмэ, сыт хуэдэ эмаными фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Къапэщытхэр мащIэкъым

● ЗэIущIэхэр

«КъБР-м и муниципальнэ щыналъэхэм я зэгухьэныгъэ» ассоциацIэм (АСМО) и правленэмрэ «ЩIыпIэ унафэр зезыгъаКIуэ Iуэхущ1апIэхэм я Урысейпсо совет» (ВСМС) ООО-м и республикэ кьудамэм и бюромрэ кьыхалъхьа зэIущIэм хэхауэ Iуэхугъуитl щыз1эпкрахащ. Апхуэдэущ кIэрыкIуфыжьрыху пкьыгъуэ быдзэхэм елэжьыжьным, пхъэнкIий идзыпIэ Iэрыщ1кIэр Iухьным хуэунэтIауэ щIыпIэ самоуправленэм и Iэнатlэхэм зэфIагъэкIхэмрэ УФ-м и Президентым деж ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьыныжьмкIэ щыIэ советым мы гъэм щIыщIэм и 31-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм кьрикIуам нэхъ ятIкIэ, къэралым и Iэтащхьэм ищIа пщэрылъхэр зэрагъэзащIэмрэ теухуахэр.

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и АСМО-м и правленэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ, ЩIыпIэ унафэр зезыгъаКIуэ Iуэхущ1апIэхэм я урысейпсо советым и республикэ кьудамэм и бюром и Iэтащхьэ **Темиржанов Махьтэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыуэпсым и хуэгъэзэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Гызыев Берт** зэхуэсахэм ягу кьыгъэкIыжащ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету кьызэрыщ1эзрагъэпэщ щIыкIэм и Iуэхуэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, унагъуэхэм я пхъэнкIийр зэхуэхьэсыныр, дэщыныр жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я Iуэхущ1апIэхэм, кIэрыкIуфыжьрыхуэхэр зэхэдзыныр, абыхэм елэжьыжьныр муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ эрракьалэныр.

- Мыкьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэхум щIыпIэ псоми зэхуэдэу щегугъуэркым. Абы и зэранкIэ кьуажэбгъуэхэр куэнщыбым зэщIищтащ. КIэрыкуфыжьрыху пкьыгъуэ быдзэхэр зэщIэкъуауэ дашыркым. КьыззэрытхутамкIэ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэнкIий идзыпIэу 214-рэ кьыщагъэсэбэп. КIэрыкуфыжьрыхуэр зэхуэзыкьэсыр икIи дэзышыр жылагъуэ 85-рщ, и нэхъыбэм уней хъэрычэтыщIэхэрщ. ПхъэнкIий идзыпIэхэм ящыщ куэд псыежэххэм, псэупIэхэм ягъэунэгъущ, - жиIащ министрым. - 2010 гъэм дыгъэгъаэзэм и 16-м республикэм и Правительствэм кьыщта Унафэ №534-рп-м кьызэрригъэувым хуэдэу, пхъэнкIий идзыпIэхэм (полигонхэм) мы гъэм щIы Iыхьэхэр яхуохэтащ. А щыкIэм тету, щIыIэхэм я бжыгъэр хуэдитIым щIигъкIэ дгъэмэщIэнущ. Иджы абыхэм я проектхэр дгъэхьэзырынущ. Мыззэкъэ проект зиIэр Аруан кьуажэм пэгъунэгъу куей зэхуаку пхъэнкIий идзыпIэщIэм и закъуэщ. Ар гъэ кIуам и мэлыжьыхь лъандэрэ кьагъэсэбэп. Яп1эрер зэхуэгъакIуэурэ ягъэсеинущ. А щIыпIэм пхъэнкIийр щIызэхэдзыну завод щахуащ, ауэ ар лажьэркъым. Абы и зэранкIэ, пыдзахуэрэ кIэрыкуфыжьрыхуу кубометр 1300 - 1500-рэ махуэ кьэс зэрызэхэльу иракIут. ИдзыпIэм и лъабжьэр зэхуэдэу ягъэбыдакьыми, щы щIагъ псыхэр яуфIенкIэ щынагъуэ щыIэщ. Дэ кьыгъэщIтщ пхъэнкIийр щызэхэдзыну заводыр едгъэжьэну, санитар, экологие пщалъэхэм кьитIасэу полигоныр зыхуеят хуэдгъэззыну.

(КIэуэкIр 2-нэ нап.).

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Хэкужьыр зрагъэцIыху

Налшык щыIэ «Къурш псынэ» зыгъэпсэхупIэм и бжэхэр мы махуэхэм хуэзIуахащ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэ щ1ыкIуэу Тыркум, Ставрополь куейм, Мэзэдэгу щ1ынальэм ящ1ыкIахэм.

ТХЬЭМАХУИТIКIЭ ди республикэм щ1ыхьэщIэну сабийхэм КъБР-м и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэр зрагъэлъагъунущ, мэуейхэм кIэунущ, я унэщIэджагъуэхэр, Iыхьлыхэр зрагъэцIыхунущ. А псом ящхьэжу, хамэ щIыпIэ кьикIа ныбжьыщIэхэм махуэ кьэс анэдэлъхубзэмкIэ дерсхэр драгъэкIуэкIынущ. Адыгэбзэр абыхэм ирагъэщIэнущ ди республикэм и школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я егъэджакIуэ пажэхэм. Апхуэдэ программэ гъэщIэгъуэн ди хьэщIэхэм яхуэзэкIэуващ КъБР-м Щ1ыхуфэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм.

Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкум исхэмрэ я зэпыщIэныгъэр егъэфIакIуэным хуэунэтIауэ КъБР-м и Правительствэм 2012 гъэм кьыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, иужьрей илъэситхум гъэ кьэс къызэрагъэпэщ мыпхуэдэ лагерхэр. Мы гъэм ди деж зыщагъэпсэхунущ хэхэс адыгэхэм ящыщ ныбжьыщIэ 40-м нэсым. Сабий 30-р Тыркум и Анкарэ, Истамбул, Кьайсэр кьалэхэм кьикIащ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэкIэ вэсэмахуэ я кьызэIуахащ лагерым и лэжьыгъэр. ЗыгъэпсэхупIэм и пщIантIэшхуэм щетIысэкIа хьэщIэ цыкIуэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ абы кьэрихьэлIаэу министр Къумахуэ Мухьэдин (сурэтым), Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Эльбрусоид»-м я лIыкIуэхэм. Я нэгу зрагъэужьыну, хэкум зыщагъэпсэхуну кьэдкIуэжа сабийхэм ахэр гуапэу ехьэужьауад икIи кьыхагъэщащ абыхэм я хьэщIэгъуэр гъэщIэгъуэну, купщIафIэу, гукъинэу зэрекIуэкIынур.

ГуфIэгъуэ махуэр ягъэдэхащ уэрэджьыIакIуэхэу Бий Асльэн, Гергокаевэ Хьэлимэт сымэ, Хьэщыкъуей Аллэ зи унафэщI «Нарт-шыр» къэфакIуэ гупым, нэгъуэщIхэми.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ГуфIэгъуэр зэдаIэт

1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэр гуэвзэгъуэт, щынагъуэт, апхуэдизу щытми, зэкъуэш республикэхэр зэкъуэзыгъуэт.

МЫ ГЪЭМ илъэс 20 ирокъу а щIыпIэм мамырыгъэр тепщэ зэрыщыхьужьр. Абы и щIыхькIэ, Сыхьум кьалэм пщэдей кьыщызэрагъэпэщыну гуфIэгъуэ концертым ираГъблэгъащ дызэрыгушхуэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупыр.

«Абхъазым Щэнхабзэмкlэ и министерствэм егъэблагъэ тхьылъ къызэрытхуигъэхьар дэркIэ пщIэшхуэщ. Кьыхэзгъэщынщи, нужьрейуэ ди ансамблым а щIыналъэм зыкъыщыщигъэлъэгъуар илъэс 22-рэ и пэкIэщ. Дыщыгугъынщ мы Iуэхум ди зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ ящIыжыну», - къыхигъэщащ гупым и унафэщI Атэбий Игорь.

АЙДАБОЛОВЭ Сафият.

Урысейпсо, щIымалъэ зэхуакъ, щIымалъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящIэн папщIэ

●●●

Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм кагъэхьэнукъым я кандидатурэхэр къэгъэлъэгъуэн зэрыщIадзэм теухуа Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарым

КъыбгъэдэкI хъыбар

Хъыбар фызэгъащIэ «Тутнакъэщхэм исхэм я хуитныгъэхэр кьызэрызэрагъэпэщым жылагъуэр зэрыкIэлъыплъ щIыкIэмрэ тутнакъэщхэм исхэм защIэгъэкъуэнымрэ я IуэхукIэ» 2008 гъэм мэкъуаугъуэм и 10-м кьащта Федеральнэ Закон №76-ФЗ-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хагъэхьэнукъым я кандидатурэхэр 2013 гъэм шыщхьэIуим и 16-м къэгъэлъэгъуэн зэрыщIадзэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр кьыхуэдожьэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэхэм хэтынухэм я кандидатурэхэр къагъэлъэгъуэным кьыхьыхьэну икIи, Федеральнэ законым кьызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, зыхуэфащэ лъэIумрэ документхэмрэ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарь Велиховэ Е.П. и цIкIэ ягъэхьэну.

Урысей Федерацэм и субъектхэм жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэхэр къызэрыщыкIэрагъэпэщ щIыкIэм теухуа хъыбархэмрэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэхэм хэтынухэм я кандидатхэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ чэнджэщхэмрэ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и **http://www.oprf.ru** сайтым итщ.

Фыщ1эупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: 8(495)221-83-63 щIагъуэ бжыгъэр 2043.

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и секретарь Велиховэ Е. П.

Къапэщытхэр мащIэкъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, зэлэжьыжьи е щIатIэн хуей пыдзахуэхэр Iэмал имыIэу ягъэбелджылипхьэщ. Абы кьыхэкIыу, мы гъэм республикэ кадастрым хуэкIуэнущ. А щыкIэм тетхэу, кIэрыхьужьбжьрыхуэхэр зэрелажь технологиехэр кьалытэнущ, пхъонкIий идзыпIэхэм я щытыкIэр, щракIутыр, щыззэтрихьэр зезыгъэхуэдизыр кьапщытэнущ. Мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщ ртуть зэрыт Iэмэпсымэхэр, токым кьыдэзыгъахуэ лампIэ лIэужьыкIэхэр хьумэным, абыхэм елэжьыным и Iуэхур. «Антиртуть центр» ООО-м нэгъабэ лампIэ мини 5-м, мы гъэм мин 12-м щIигъу республикэм иришащ. Ар илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыз этрихьам и процент 40-м ноблагъэ. Медицинэм и Iуэхущ1апIэхэм я кIэрыхьбжьэрыхуэхэр «Эко-Мед» ООО-м дешри, Iэмэпсымэ хэхакIэ егъэс.

- Жылагъуэхэм кьабзагьэр кьыщызэгъэпэщыныр республикэм и Правительствэм и лэжьыгъэм и унэтIныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщ. Iуэхущ1апIэхэм зэдай комиссэр абы зэпымыууэ кIэлъопль. Ди министерствэри а лэжьыгъэм жыдэржу хэтщ. Дыкьэзыухьуреихь дунейр хьумэным теухуа хабзэхэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэкIыу, щIыпIэ администрацэ 48-м нэгъабэ детхьэкъуащ,- жиIащ министрым. - Дыкьэзыухьуреихь дунейр хьумэным и илъэсым хуагъэхьэзыра Iуэхугъуэхэм хыхьэу «Жыг хэсэ», «Iуащхьэмахуэ и джабэ нэхуэ кьабзэхэр», «Тэрч псым и нэпкь кьабзэхэр», «Паркыр зыгъэпсэхупIэщ» акцэхэр, «Ди хьуреягьыр - сабийхэм я нэкIэ» сурэт щынымкIэ щыкIуэм я зэпеуэ, Налшык и сабий гъэсапIэхэм ящыщ зым экологием теухуа семинар щедгъэкIуэкIащ.

КIэрыхубжьэрыхуэу тоннипщI бжыгъэхэр дедгъэшащ, Тэрч псыхьуэм декIужкI нэпкыу километр 11 дгъэкъабзащ, жыгыщIэу мини 7-м нэблагъэ хэтсащ, нэгъуищ лэжьыгъэхэри зэрIэдгъэкIащ. Апхуэдэ Iуэхуэхэм дяпэкIи пытщэнущ.

Гызыев Берт кьытеувыIащ «КъБР-м дыкъэзыухьуреихь дунейр зэрыщ1ахьымэнур» къэрал программэм. 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ республикэм и Правительствэм Бадзэуэгъуэу кIуам дыщIэ, нэгъуищ гуэдзэнихьу зэхэтщ. Программэр тещIыхьащ дыкьэзыухьуреихь дунейр кьыззэрымыкIуэ щытыкIэхэм, Iэнатlэхэм я лжьыгъэ кьыззэгъэпэщыкIэм ящыхьумэным, зыхуэфащэ санитар-экологие пщылъэхэм тетыным, щыхуэхэм я псэукIэр егъэфэкIуэным, кьабзагъэм и мыхьэнэр жылагъуэм зыхегъэщIэным. Кьэрал программэр гъэзэщIным сом мелуани 188-рэ мин 783-рэ хуоз.

Министрым кьыззэрыкигъэщамкIэ, зэлэжьыжьину кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэхуэхьэсыным муниципальнэ районэхэм я администрацэхэм гулыIитэ щыхуащI хуащ. Кьапщтэмэ, Шэрдж куейм IыхыпIищ щолажьэ, Дзэлыкъуэм - уней хьэрычэтыщIэхэм пункти 6, Шэджэмыим - 8, Прохладнэ кьалэм зы кьыщызэIуахащ. Зыхуэмеик сырьер щыIах экопунктхэр нэгъабэ льандэрэ Налшык щолажьэ. КIэрыхубжьэрыхуэхэр зэхэхауэ зэхуэхьэсыным тещIыхьа эколого-социальнэ проектыр «ЭкоНова» ООО-м егъэзащIэ. Мы зэманым пунктипIл кьаГъэсэбэп, иджыри 10 кьызэIуахынущ. Лэжьэн зэрыщIадзэрэ кIэрыхубжьэрыхуу тонн 200-м нэблагъэ щIыхаащ.

Къэпсэльам апхуэдэу зэпкьрихащ «2013 - 2025 гъэхэм КъБР-м кIэрыхубжьэрыхуэхэм зэрыщIелжьынур республикэ программэ хэхам щыуб зыхуэ Iуэхугъуэхэр, ахэр гъэззэщIэныжкIэ кьапэщытхэр икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ я кьалэнхэр зэфIэхьыным жэуаплыныгъэ хэльу бгъэдыхьэну кьыхуриджащ зэхуэсахэр.

Министрым жиIам дыщIагъужу зэхьыхьам кьыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балькъэрым энергетикэмкIэ, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Бэлагьы Борис**, Щэхуакlуэхэм я хуитныгъэхэр хьумэныр щIыхуэм псэукIэ тэмэм кьыхуэзгъэпэщыныкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и республикэ кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Бэракъ Ренат**, Налшык кьалэм псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и Iэтащхьэ **Керимов Виктор**, «Эко-Мед», «Эколог-Плюс» ООО-хэм я нэхъыжьхьэу **Смыков Владимир, Абыкьу Льостэнбэч** сымэ.

ЗэIуIэм щызэгурыIуащ кьащтэну унафэм и проектым щагъэбелджылыну Iуэхугъуэхэм, кьыхалъха чэнджэщхэр я лъабжьэу, нэхъ куууэ елэжьыжыну, зэрагъэззэхужьыну икIи зыгурауха пIалъэм кьытIасэу кьащтэну.

Ижькlэ зэхьихьэм щедэIуащ УФ-м и Президентым деж ШыпIэ самоуправлензэм зегъэужьыныкIэ щыIэ советым мы гъэм щIышылэм и 31-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм кьрикIуам ипкь иткIэ, кьэралым и Iэтащхьэм ищIа пщэрыльхэр гъэззэща зэрыхьум теухуауэ **Темиржанов Махьты** жиIам. ВСМС-м и щIыналъэ кьудамэм и унафэщIым кьызэригъэльэгъуамкIэ, зэхьихьэм псалъэмакъ нэхьыбэ щращIэкIащ щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущ1апIэхэмрэ кьэпщытакIуэкIэльыпIкIуэ Iэнатlэхэмрэ я зэхущытыкIэхэм зэIумыбз куэд зэрыхьэрыхьэ, ахэр зэщыхьэщыхэу икIи Iупщ1ы гъэбелджылын, зыхуэфащэ пщалъэхэм кьигъэтIэсэн зэрыхуейм.

- Муниципалитетхэм я лэжьыгъэр ныкъусаныгъэншэкъым. Ауэ асыхьэтым тхуэмыгъэкъарууну Iуэхухэр икIэщIапIэкIэ зэфIэтхьан хуейуэ кьызэрытхуагъэувыр кьезэгъырыкьым. Ахэри нэгъуэщI дыызигъэпIейтей Iэджи Советым и зэIущIэм щызэпкьрахащ. УФ-м и Президентым ищIа пщэрыльхэм тету, абыхэм теухуауэ кьыхэтIхьхьэну Iуэхугъуэхэр, чэнджэщхэр дзызыхуэкIуэ фокIадэм и 1 щIопондэ ггъэхьэзырыну кьытпэщытщ, - Кьитлъэпсэгъуащ Темиржанов Махьты.

Тепсэльыхьыныр зэфIэкIа нэужь, Къэбэрдей-Балькъэрым и прокурорымрэ республикэм и къэпщытакIуэ-кIэльыплъакIуэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэмрэ зэзызыхуагъаззэкр кьащтащ. Муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм чэнджэщ гъащIа щыIэ ныкъусаныгъэхэр ягъэззэкIуэжьын папщIэ, лэжьыпхъэхэр кьызэрагъэпэщыну.

КIэльыкIуэу зэхьихьэм щедэIуащ республикэм и АСМО-м илъэс кIуам и бюджетыр зэрагъэзэщIам теухуауэ ревизэ комиссэм и отчетым. Зэхуэсахэр абы арэзы техьуащ икIи Ассоциацэм и мыгъэрей бюджетыр кьащтащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэ **Благосов Александр**, республикэм и прокуратурэм и кьудамэм и унафэщI **ЗэкIуерей Заур**, Къэбэрдей-Балькъэрым и АСМО-мрэ ВСМС-м и щIыналъэ кьудамэмрэ я гъэззэщIакIуэ унафэщI **Маслов Николай**, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, абыхэм я кьуэдзэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● 08.08.08

«Фэеплъым и уэздыгъэ»

Илъэситхукlэ зэрIэбэкIыжмэ, 2008 гъэм и гъэмахуэм Гуржмрэ Осетие Ипщэмрэ я кум зэныкъуэкъу кьыдэхъуащ. Зауэ гъащIэм кьыщIидзащ щыщхьэуIум и 8-р кьыщихьэ жэщым. Осетие Ипщэм и кьалащхьэ Цхинвал иубыдым мурадкIэ, Куржым и дзэр абы топкIэ куэдрэ дэуащ.

УРЫСЕЙР хэмыхьэу хъуакъым а зэпэщIэтэныныгъэм - зиIрауэ, а щIыналъэм щыпсэу и цIыхухэмэ кьащхьэщыжьым хуейт, кьимыдэкIэ мамыру зи щIыналъэ исыж цIыхубзхэм, сабийхэм лей кьатехьэрт. Иджыри кьыздэсым нэсу кьахуэгъэнэIуакъым а лъэхъэнэм кьриубыдэу Цхинвал цIыху дапщэ щыхэкIуэдаи. Иуэ, лажьи хъати зимыIэ цIыхуэхэр, сабийхэр щыхэкIуадэм деж уи гур мэуз. Абы лъандэрэ щыщхьэуIум и 8-м УФ-ми ягу кьыщагъэкIыж а зауэм хэкIуэдахэр.

Къэбэрдей-Балькъэрми гулыIитэншэу кьыщагъэнакъым а Iуэхур. «Урысей зэкъуэт» партым и «ЩIэблэщIэ гвардием» хэтхэр, волонтерхэр, кьалэдэсхэр, уеблэмэ республикэм и хьэщIэ турист нэгъунэ, дунейр зэрыуэлбанэм щхьэкIи къамыгъанэу, хэтащ абы екъэлаУэ ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм.

Мы Iуэхуэм и кьызэгъэпэщакIуэ Нэзрэн Бесльэн и жэрдэмкIэ Осетие Ипщэм и бэракъэр щаIэтащ ХьэтIохъущокъуэм и хадэм лъакъуэрыгъажэкIэ кьыщыбжьыхь хъу и лъагъуэм и гъунэгъуу щыт пхъэ унэ щIыкIум икIи зэуэдгъэзэжьыр пагъэнащ.

Лъэпкъ зэзауэ щымыгъэIэным щIадзэгъуалэр кьыхуэсыдэж, апхуэдэуи Осетие Ипщэм щыхэкIуэдахэм я фэеплъыр зыгъэлъапIэ Iуэхугъуэр зылъагъуа псоми гукъинэж ящыхъуащ. Мыр кьызэзыгъэпэщащэм жаIащ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр илъэс кьэси, Iэмал зэрилэкIэ щIалэгъуалэ нэхьыбэ кьыхащIэуурэ, ирагъэкIуэкIыныр зэрафIэигъуэр.

Осетие Ипщэмрэ Абхъаз Республикэмрэ я щIыналъэхэм мамырыгъэ сыт щыгъуи щырыеIэ, кьытщIэхъуэ щIэблэм зэи ящремыгъупщэ я тхыдэмрэ мамырыгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэмрэ.

Тюльпин Александр итха «Цхинвал» усэри апхуэдэ фэеплъым и дамыгъэхэм ящыщ:

ЩIалэхэр зауэм докI.
Дапщэщ? Дэнэ? Сытым щхьэкIэ?
Пигъащхьэхэр кьуэкIауэ мафIэ лыгъэм,
Кавказ Ищхьэрэр кьыдэтщ я
щIыбагъым.
Псым и Iуфэм ирахулIахэу,
Сабийхэр, лIыжь-фызыжьхэр
зэщIотхьэджэ.
Кьыпщагъэхъуу дунейр зэтещахэу,
Топ уэ макъхэм кьалэр
ягъэзджызджэ.
Унэхэр кьэуфэрэнкI кьыпфIэщIырт,
ИкIи иджыри кьэскIэ дэ дымыщIэ:
Хэт мыбдеж щыIар,
Хэт хэкIуэдар?
Уэгум нэсу кьэуа мафIэ бзийр
ЗэшхэзэпIэу теуат кьалэ жейм.
Топыщэхэм, танкхэм, минэхэм
ЩIауэIыхьыртт щIыхуэхэр унэм.
Хэт теувэнур ахэм я бжэщхьэIум,
Жажлым щызыхъумэ мэIуу?
Танкхэр кIуэми, иращIыкIыу
кьахуэзэр,
ЩIалэхэр поув щыщхьэмыгъаазэу.
Бий кьайкуэдэкIым хуимыкIуэту,
ЩIалэхэм кьрагъэлащ Осетиер.

● Псалъэ

Гулъытэ щыхуащI

**КъБР-м Лажьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и Управленэу Налшык кьалэм щыIэм гулъытэ хэха щыхуащI унагъуэшхуэхэм, щытыкIэ гугъу ихуа щыху щхьэхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным. Апхуэдэ щыху хэхахэм, унагъуэ щхьэхуэхэм кьадэкIуэ щы

Щlалэфlу ущытыну 75 умыщхьэх

● Ди псэтъэгъуэр

***«Къэпкъыбзэхэр адэ-анэхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ я гукъыдэж къудейкlэ хьуна хьунухьым, къэралым унафэ пыуухыкlакlэ зыкъыщlимыгъакъуэу», - арат и гупсысэ нэхъыщхьэр Бизнесымкlэ институтым иджыблагъэ щекlуэкlа спох хьурейм. Республикэм щыхъуэмыхьу гуэху къэзгъэ хуитыку къыщрагъэхъэ еджапlэм и ректор, профессор Хьурей Феликс и махуэ гъапlэр ди щхьэусыгъуэу псори зытегущыеныгъэ ящlэ, ди щlалэхьубзэмрэ ди ныдэмыщlкlэмрэ ятеуухуагъэ дыдэуэршэрыпу дыщыкlуэм, сыхьэтыфlым дихуншащ.**

Китайбзэм нэхъ гугъу?

- Хьыбар хьэлэмэт гуэр кьраухьэкl: Мэлбахъуэ Тимборэ деж щlэущlакlуэ укlуа хуэдэти, «Феликс, адыгэбзэ пщlэрэ? Кхъыlу, дыгъэгъэнсалъэ» кхыбжаныу?

- Мэлбахъуэм гукъыдэж щlиэмрэ щимыlэмрэ къащlэгъуеит. Нэхъыбэм нэгу зэхэуфат, шхыдэрт. Ауэ зэм-зэм нэжьгужьу ущыкхуэзи къэхъурт. Середжри кьыжькlэ (урысибзэкlэ): «Зэи адыгэбзэкlэ упсалъэу зэхэхакъым, пщlэрэ ар?» Сэри сыхьэзырыххэти: «Уей, Тимборэ Кубатиевич, сыщыпсэупсэнрэ сызэпсэупсэ сымыгъэупсыж», - жызоlэ. Игу кьеуэу арат. -Сэри гъэкъапlэм сыпсэкъыпlэзыри адыгэбзэкlэ къыщызэпсалъэркъым, унэм сокlуэжри (и щхьэгъуэр урыст) - пихыжауэ сызэпсэлъэн щlэскъым. Мазэм зэ къуажэм, колхоз гуэрым сыкlуэмэ, сыпсалъэу аращ адыгэбзэкlэ», - жи. «Аращ, - изотыжь жэуап, - дэри унагъуэм, благъэм, ныбжьэгъуэм депсалъэ фlэкlа, нэгъуэщl щыпlэ псэупlапlэ къыщыхихуэркъым».

Сэ сыщеджа классым, еплlанэ школым, си закъуэт адыгэу щlэсаци, апхуэдизкlэ мащlэт Налшык ди пlэнкъэгъуу абы щыгъуэ дэсри. Иджы къалэм адыгэхэр нэхъыбэ дыщыхъуами, гукъыеуэр нэхъ ин мэхъу. Адыгэбзэри балъкъэрыбзэри кьрадзэкъыкъым, арат ди стlол хьурейр зытеухуар. Бзэм куэдрэ дытопсэлъыхьы, ауэ мыхьэнэ зыкlиуы зыри тщlэрыкъым. Школым мащlэщ адыгэбзэм сыкъот бжьагъэу къыщылъысыр, къэралыбзэхэм ящыщщ жыпlэнущи, анэдэлъхубзэхэмкlэ тхылъымпlэ зекlуэрыкъым. Ахэр къэралыбзэр пэжмэ, лэжьэну гъуэгу яlэн хуейщ къэрал унафэр и пlащ-жьэу, аращ дызытепсэлъыхьар. Апэм пэщlэдзэ классхэр илъэсипlкlэ адыгэбзэкlэ иратеджэрти, итlанэ зрысыбзэм техьэжырт. Ари тыншу жыпlэфынукъым, ауэ ар нэхъыфlт. Яджырт, зыгуэр ящlэрт, адыгэбзэмрэ предметхэмрэ зэгъуэнгъу хъурт, зэхъыхьэрт. Иджы зыри яджжыкрыкъым, еджэнуи хуейхэхъым. Ди адыгэбзи балъкъэрыбзи щыдогъэдж институтым. Абыхэм нымыщlи иджырэ бзитху: ныдэкlыпlыысыр, къэралыбзэхэм ящыщщ жыпlэнущи, анэдэлъхубзэхэмкlэ тхылъымпlэ зекlуэрыкъым. Ахэр къэралыбзэр пэжмэ, лэжьэну гъуэгу яlэн хуейщ къэрал унафэр и пlащ-жьэу, аращ дызытепсэлъыхьар. Апэм пэщlэдзэ классхэр илъэсипlкlэ адыгэбзэкlэ иратеджэрти, итlанэ зрысыбзэм техьэжырт. Ари тыншу жыпlэфынукъым, ауэ ар нэхъыфlт. Яджырт, зыгуэр ящlэрт, адыгэбзэмрэ предметхэмрэ зэгъуэнгъу хъурт, зэхъыхьэрт. Иджы зыри яджжыкрыкъым, еджэнуи хуейхэхъым. Ди адыгэбзи балъкъэрыбзи щыдогъэдж институтым. Абыхэм нымыщlи иджырэ бзитху: ниджыкlыпlыбзэ, франджыбзэ, нымыцlбзэ, хьэрыпыбзэ, тыркубзэ. Бзэхэр зэпэщlэбгъэувэ хъунукъым, мыр нэхъыфlщ, модрейр нэхъ Іейщ жыпlэу, иджыпсту дунейпсо щыхур зэхохьэ, зэрогъэбуи, пхуэзфlэкlым хуэдиз зэбгъэщlэн хуейщ.

Адыгэбзэр гугъущ жаlэ. Тыншу щытамэ, яджынут. «Зэ, догуэ, - жьзоlэ, - китайбзэм нэхъри нэхъ гугъу?- Иероглиф минхэр зрагъэщlэуэр ядж ар бзэмыlухэм. Дь щхьэ тхуэзэфlэмкlрэ ди бзэр зэдгъэщlэжьыну?

Феликс Автандилу зэрыщытар

Мы хъыбарыр Руставели щlэр зезыхьэм сфlэгунэсу Дыщэ уагъэу зэlуэощэ - зэхъэзолъхьэ уэрэд-усу.

Руставели Шота

(ЗэзыдзэкlАр Тхьэгъэзит Зуберщ)

1783 гъэм Урысеймрэ Куржым и Къартлы-Кахетий пащтыхьыгъуэмрэ Гумкъаеу щызэращыlа къэгурыlуэныгъэр «Георгиевский пакт» щlэжкlэ тхьдэм кьыжэнащ. Урысеймрэ куржым зэхуэзэнчэн хlлhыфlыха Къэбэрдей пщы уэлий Жанхъуэт Кушыку шууей тlощlрэ пщlырэ и гъусэу а гъэ дыдэм куржы пащтыкъ Краклий Етlуанэм щригъэблагъэм, тыгъэу адыгэш ящlэрэ.

- Куржым ирагъэблагъэ адыгэ шуейхэм я нэхъыбэр Жанхъуэт Кушыку зыдэс Псыгуэнсу къуажэрат зыщыщыр. Ауэ гупым я нэхъыжьыр Арщыдан щыщ Фlыкъ Астемыр. А зэманым атэлыкъ гъэсэныгъэр иджыри зекlуэрти, адыгэхэр кьащежьэжьым илъэситхум ит щlалэ щыкlу кьратащ. Апэщlыкlэ щlалэ щыкlур Астемыр Арщыдан здишащ, нужькlэ Жанхъуэт Кушыку жи кlуэри елъэlуащ: «Уи къуажэм си къуэш нэхъыщlэ бынынщэу дэсщ, хуит сыкъэпщlмэ, щlалэр абы естынт-. Пщы уэлийр арэзы хъури, кьуажэдэсхэр «Хьурей- щlэмкlэ къеджэу щlалэ щыкlур балигъ хъущ, щlэблэ къыщlэхъуащ, ауэ унэщlэу зэрихьэр «Щэбэтыкъуэт-, щыкъум къабгъэдихауэ. Мэчэм щыlауэ «Щэбэтыкъуэ хьэжьжь» жаlэри Псыгуэнсу дэсащ, ди дадэм и адэт ар. 1922 гъэ пщlондэ Щэбэтыкъуэу дыкъекlуэкlащ. Ди адэр Щоджэнщыкlу Алий и гъусэу Дым Іэдэм и еджапlэм щlэсахэм ящыщщ. 1926 гъэм Щагъуэ Нурий и гъусэу математикэмкlэ тхьылъ къыдигъэкlауэ щытащ, 1936 гъэм - дунейпсо зэхэзэмкlэ. Іуэху ищlри Куржым кlуат щlалэ щыкlур зыщыщ-къызыхэкlар кьигъуэтыжьыну. Къыщlемыхъуlэм, лъэпкъыр, нэгъуэщl мыхъуми, кьыщlежьам и щlэм трыретыж жиlэри «Хьурейм- къытехъукӀахэм а щlэр унэщlэу къащтэжащ.

Куржым къызэрыхэкlар тхьыдэм кьыхинэн мурадкlэ, Хьурей Ахьмэд и къуэм «Къапlъэныфэ зыщыгъ зекlуэлъым- и lыхъужьэ Автандил и щlэр къыифlищыгъат, арщхьэкlэ ар зэрыт щыхьэт тхьытыр Феликс и Іэкlэ ебланэ классым щlэсу зэфlитхъыжащ. Иджы мэгушlы: «Уи щlэм уэщlэжьынукъым, «автоделом» (машинэ Іуэхуэм) нэIуэсэ сыщlыхъуэхъуар Автандилым и фlыгъэ къыщlэжащ».

Зыгуэрым дэпlъеиныр хьэл тхуэхъуакъым иджыри

«Демократиер ди щхьэщыгуэм щыlэта ешрыб нэщlщ. Абы ди нэр тедгъуэ депlъыхуу, зыгуэрым ди жыпхэр къеуэнщl».

Шоу Бернард

- Иджыпсту дызэрыт лъэхъэнэм сыт зэредэжр? Мыльку зыlэщlэтъ щlыхуу зыбжанэм (олигарххэм) ихуэа капиталыр. А щlыхуу зыбжанэм къэралым и мылькым щыщу процент 65-рэ яlэщlэтъщ. Абы кьикlыр а процент 65-р къэралым и унафэм щlэмыту зекlуэу аращ. Зригъэужьыркъым, елэжьыркъым, кьыфlэIуэхукъым. Мо щыху зыбжанэм ягу кьыдэрихуэу псори йокlуэкlэ: зым топджэгуэр кьещэху, адрейм - кхъухьхэр. Щыхур зыхэпсэукlыну зышыгуть кьудамэ нэхъ нихэр абы-хэм яlэщlатъщ, я щхьэ Іуэхуэкlэ къагъэсэбэпу. Ахэращ тщlэнури дымыщlэнури кьыджезыlэр, хъанхэм драIуэхутхъэбзащlэу аращ. Уеблэмэ ахъшэр пуд щыхьуам къэралыр зытегущыэныкъар ящlыхи ямыlэу къэна щыхухэрахъым, мелардым и lыхьэ тlощl гуэркlэ «хилъафэхэрат». Хэт егупсысыр лэжьапlэ зэрыщымыlэм? Щlэныгъэ ягъуэтын зэрыхуейм? Щlалэтъуалэр зэхуэшэс, яутlыпщlым. Я щхьэ зригъэужьыну дзыщlэнуи

● Футбол

Лӏуп Исльам (№27) «Спартак-Налшыкым» и къэкӏуэнур зэӏльытахэм ящыщщ.

Зэӏущӏэм и иужьрей дакъикъэхэм ди щӏалэхэр ерыщу йобгъэрыкӏуэ.

Иужьрей дакъикъэхэм хуэдэу джэгуатэмэ...

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Балтика» (Калининград) - 1:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэуӏум и 12-м. Щыху 1200-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Низовцев (Новгород Ищхьэрэ), Шакерханов (Дербент), Болотенков (Мэзкуу).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Абаэз (Засеев, 36). Овсиенкэ, Суслов, Гарбуз, Коронов, Сирадзе (Гуэщокӏуэ, 64), Руа, Щэуей, Аверьянов (Буйтрагъ, 41), Медведев (Лӏуп, 78).

«Балтика»: Шелие, Зимулькэ, Хайуллин (Плотпэ, 51), Васильев, Рытов, Стоцкий, Гацко (Каленкович, 67), Чиркин, Сысуев (Курбанов, 69), Сальников (Крючков, 71), Вотинов.

Топхэр дагъэкӏащ: Сальниковым, 16 (0:1). Буйтрагъ, 81 (1:1).

Дагъуэ кӏыхуащӏащ Гацко, Руа, Овсиенкэ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Балтика»-мрэ я зэӏущӏэм щӏидзэным дакъикьитху ия зэку арат, ауэ стадионым къекӏуэлӏа цыхухэр зырызурэ пхуэбжьыпӏ. Билетхэм я уасэр тумэнипщӏ фӏэкӏа мыхьуми, джэгур телевиденэмкӏэ кьимыгъэльапӏхьи ӏэ абыхьэм ящыщ зым щхьэжӏэ кӏыуидзэ топым ящыщ ящыщ ящыщ